**दिन–गुरूवार** **दिनांक–09.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

एनडीए आ महागठबंधन केर घटक दलक बीच विधानसभा सीटक बंटवारा के लऽकऽ गतिरोध जारी अछि। दुनू गठबंधन केर नेता अपन–अपन घटक दलक संग लगातार गपशप कऽ रहल छथि।

---

एम्हर, आइ भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय मंत्री नित्यानंद राय लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलास केर अध्यक्ष चिराग पासवान सँ नव दिल्ली मे भेट कयलनि। बाद मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री राय कहलनि जे गपशप सकारात्मक रहल आ जल्दिए सीट सभक बंटवारक घोषणा भऽ जायत। लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलास केर अध्यक्ष चिराग पासवान कहलनि जे सभ मुद्दा पर गपशप पूरा होयबाक बाद ओ संग मिल कऽ घोषणा करताह।

---

एहि सँ पहिने लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलास केर एक आपातकालीन बैसक पटना मे आयोजित कयल गेल। बैसक केर बाद पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष राजू तिवारी कहलनि जे बैसक मे राष्ट्रीय अध्यक्ष कँ चुनाव सँ संबंधित अंतिम निर्णय लेबाक लेल अधिकृत कयल गेल। एहि मध्य, जदयू मे उम्मीदवार लोकनिक नाम तय करबाक लेल मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक आवास पर आइ सेहो एक महत्वपूर्ण बैसक भेल। बैसक मे पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, वरिष्ठ नेता ललन सिंह, विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव समेत कतेको नेता मौजूद छलाह।

---

महागठबंधन केर घटक दलक बीच सेहो सीटक बंटवारा के लऽकऽ सहमति बनैत नहि देखा रहल अछि। संगहि मुख्यमंत्री आ उप मुख्यमंत्री पदक चेहरा के लऽकऽ सेहो संशय केर स्थिति बनल अछि। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ पर्यवेक्षक भूपेश बघेल कहलनि जे महागठबंधन केर घटक दल मिल कऽ ई तय करत जे मुख्यमंत्री पदक चेहरा के होयत। महागठबंधन केर घटक दल भाकपा–माले, भाकपा आ माकपा सेहो बेसी सीटक मांग कयलक अछि। एम्हर, राष्ट्रीय जनता दल संसदीय समितिक बैसक काल्हि पटना मे पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवीक

आवास पर बजाओल गेल अछि। बैसक मे सीट शेयरिंग समेत उम्मीदवार लोकनिक चयन पर अंतिम निर्णय होयबाक संभावना अछि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे महागठबंधनक सरकार बनलाक बाद ओहेन सभ परिवार के सरकारी नौकरी देल जायत, जिनका परिवार मे कोनो व्यक्ति सरकारी नौकरी मे नहि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री यादव कहलनि जे सरकार बनलाक बीस दिनक भीतर एहि लेल अधिनियम लाओल जायत। ओ कहलनि जे ओ मात्र घोषणा नहि करैत छथि बल्कि घोषणा सभ पर अमल सेहो करैत छथि।

———————————————————————

कांग्रेस आइ पटना मे **बीस काल विनाशकाल** नाम सँ एक पुस्तिका जारी कयलक। पार्टीक वरिष्ठ नेता जयराम रमेश कहलनि जे एहि पुस्तिका मे नीतीश सरकारक विफलता सभ के दर्शाओल गेल अछि।

———————————————————————

प्रशांत किशोरक नेतृत्व वला जन सुराज पार्टी एकावन प्रत्याशी लोकनिक पहिल सूची जारी कऽ देलक अछि। पटना मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष उदय सिंह उम्मीवारक घोषणा कयलनि। पार्टीक कुम्हरार सँ जानल–मानल गणितज्ञ के.सी. सिन्हा मांझी सँ वरिष्ठ अधिवक्ता वाई. वी. गिरि आ करगहर सँ भोजपुरी गायक रितेश पांडेय कैँ टिकट देलक अछि। एकरा अलावा गोपालगंज सँ प्रीति किन्नर, सहरसा सँ किशोर कुमार मुन्ना आ दरभंगा सँ आर. के. मिश्रा कैँ उम्मीदवार बनेलक अछि। संवाददाता सभ सँ गपशप मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष जनौलनि जे एगारह अक्टूबर सँ पार्टीक राघोपुर विधानसभा क्षेत्र सँ चुनाव अभियान शुरू होयत, जकर नेतृत्व प्रशांत किशोर करताह।

———————————————————————

विधानसभा चुनावक पहिल चरणक एक सय एकैस विधानसभा सीट सभक लेल अधिसूचना काल्हि जारी होयत। एकरा संगहि नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ जायत। निर्वाचन आयोगक अनुसार प्रत्याशी सतरह अक्टूबर धरि नामांकन दाखिल कऽ सकैत छथि। अठारह अक्टूबर के नामांकन पत्रक जांच होयत। ओतहि, उम्मीदवार बीस अक्टूबर धरि नाम वापस लऽ सकताह। पहिल चरणक मतदान छओ नवम्बर के होयत। दोसर चरणक तहत एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्रक लेल अधिसूचना तेरह अक्टूबर के जारी होयत।

————————————————————————————————

निर्वाचन आयोग रानीतिक दल सभ के आगामी बिहार विधानसभा चुनाव आ विधानसभा उप चुनाव केर दरमियान विपक्षी उम्मीदवार लोकनिकेँ निशाना बनेबाक लेल आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–एआई केर इस्तेमाल पर सख्त निर्देश जारी कयलक अछि। ई दिशा–निर्देश आदर्श आचार संहिताक अंतर्गत लागू कऽ देल गेल अछि। आयोग सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म आ आन प्रकारक विज्ञापन सभ पर एआई केर माध्यम सँ गलत सूचना पसारबाक लेल सख्ती सँ मना कयलक अछि।

————————————————————————————————

समाप्त